



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NORTHWELL HEALTH AP KÒMANSE VAKSINEN TRAVAYÈ NAN SIT PWOJÈ REYAMENAJMAN BELMONT PARK LA JODI A

Yo mete apa 900 dòz pou travayè Belmont yo vaksinen apati 14 avril a 1:30; Yo pral administre 50 dòz pa jou

Vaksinasyon yo ap fèt si jou pa semèn okòmansman; Apre 1ye me, vaksinasyon yo ap fèt twa jou pa semèn epi y ap kontinye sou yon baz kontini jiskaske tout travayè Belmont yo vaksinen

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Northwell Health ap vaksinen travayè sendika yo nan Pwojè Reyamenajman Belmont Park la jodi a, 14 avril a 1:30 p.m. Yo te mete 900 dòz apa pou travayè yo epi y ap administre yo nan yon rit 50 pa jou.

Vaksinasyon yo ap fèt nan sit Belmont an si jou pa semèn jiska 1ye me. Apre 1ye me, vaksinasyon yo ap fèt twa jou pa semèn epi y ap kontinye sou yon baz kontini jiskaske tout travayè Belmont yo vaksinen.

Gouvènè Cuomo te pakouri Estad UBS la jodi a tou, rezidans pèmanan alavni pou Ekip New York Islanders la.

"Pwojè Reyamenajman transfòmasyon Pak Belmont an ap revitalize yon zòn, kreye nouvo travay epi bay yon rezidans pèmanan nan Long Island pou ekip New York Islanders a, epi li enpòtan pou travayè lokal nou yo sekirize paske y ap konstui pwojè enpòtan sa pou avni New York pandan yon pandemi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou kontan pou anonse ke travayè nan sit la ap vaksinen, epi mwen remèsye Northwell Health pou efò san rete li pou travayè sa yo ak anpil lòt pandan tout moman difisil nan fason enkwayab sa. Pandemi an pa oblije antrave konstriksyon ak devlopman, men li enpòtan nan fason ki vital pou kenbe chak moun pi an sekirite ke posib pandan y ap fè travay k ap yon pati enpòtan nan avni apre COVID New York."

"Mennen vaksen an bay travayè k ap konstui nouvo Estad UBS la, ap rann li pi fasil pou yo pwoteje tèt yo, kòlèg travay yo, fanmi yo, vwazen yo ak kominote yo", **Michael Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health, te deklare.** "Northwell onore pou travay ak Gouvènè a, lidè sendika a ak Islanders yo nan ekspansyon efò vaksinasyon nou an pou travayè ki nan liy devan sa yo."

Nan dat 9 oktòb, Gouvènè Cuomo [te anonse "achèyman" Estad UBS la](#), nouvo kay New York Islanders nan Belmont Park. Estad UBS la nan Belmont Park se ap rezidans

New York Islanders apati otòn sa avèk sezon 2021-2022 a epi se pyès prensipal Pwojè Reyamenajman Belmont Park 1.3 milya dola a, ki gen ladan tou yon otèl, espas pou biwo, ak vilaj vant an detay klas mondyal. Ansanm ak pwojè a, MTA ap konstwi yon nouvo estasyon LIRR nan Elmont -- premye estasyon nouvo, atanplèn LIRR ki konstwi depi plizyè deseni. Pifò depans estasyon an ap fèt apati finansman prive devlopè stad la. Konstriksyon sou estad lan te retade pandan de mwa lè COVID-19 la te ogmante nan New York epi biznis ki pa esansyèl yo te fèmen, men kounye a li tounen nan kalandriye a.

Ko-pwopriyetè Ekip Islanders la, Jon Ledecky te deklare, "Mèsi a travayè konstriksyon nan Estad UBS yo ki, chak jou, pandan tout pandemi an, te travay nan yon anviwònman ki pi difisil pou fè travay yo. Nou enpasyan pou ouvèti Estad UBS la nan Belmont Park sezon otòn sa epi selebre avni briyan pou New York ak New York Islanders alafwa".

Prezidan NSBCTC, Matty Aracich, te deklare, "Pandan n ap konstui pwojè enfrastrikti enpòtan pou avni New York epi rekipere apre pandemi COVID-19 la, li enpòtan ke yo kenbe milye fanm ak gason brav k ap travay di ki travay dirèkteman sou sit sa yo an sekirite. Mwen kontan pou tandè ke Northwell Health ap vaksinen travayè ki kontribye nan Pwojè Redevlopman Belmont Park vital la, e anons sa ap ede travayè sa yo fè travay yo nan tout sekirite epi nan fason ki efikas. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Northwell pou lidèchip yo pou asire ke plizyè milyon Nouyòkè ki kalifye vaksinen ak pou efò san pran souf yo pou defèt pandemi tèrib sa yon fwa pou tout".

Pwojè Reyamenajman Belmont lan ki te premye anonse nan desanm 2017, ap transfòme 17 ekta teren pakin ki pa itilize nan Belmont Park pou tounen yon destinasyon espò ak ospitalite prensipal. Yo prevwa ke konstriksyon estad, vilaj vant an detay ak otèl la ap kreye 10,000 travay ak jenere 2.7 milya dola aktivite ekonomik. Depi li fini, yo prevwa pwojè a pral soutni 3,200 nouvo travay atanplèn, epi pwodui 858 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl epi jenere plizyè dizèn milyon dola nan nouvo resèt taks anyèl.

Reyamenajman Belmont lan ap konplèman plizyè milya dola yo te investi nan Long Island depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon - sa k ap sipòte enstitisyon akademik ak rechèch klas mondyal rejyon an, revitalize sant vil yo, ranfòse sektè agrikilti, fabrikasyon, ak syans lavi, amelyore enfrastrikti epi investi nan sektè touris rejyon an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)